

ÈSKE W GEN YON ENKYETID?

- **Rele liy dirèk chèltè a:**
nan 718-291-4141 oswa 311
- **Voye yon imèl bay medyatè a** nan ombudsman@dss.nyc.gov
- **Voye yon imèl bay biwo zafè LGBTQI Depatman Sekirite Sosyal** nan lgbtqi@dss.nyc.gov
- **Ale nan biwo medyatè a:**
Lendi jiska vandredi, 9 è am jiska 4 è pm
109 E. 16th St, 8th Fl
New York, NY 10003

Ou gen dwa pou okenn moun pa fè vanjans sou ou si ou depoze yon plent.

Si ou fè rapò kont pèsèkisyon, diskriminasyon, oswa vanjans ki baze sou sèks epi ou pa satisfè ak rezolisyon an, ou ka mande yon revizyon legal.



Eskane anba a pou jwenn plis enfòmasyon sou resous biwo sa yo ofri:

Biwo Majistra a pou Elimine Vyolans ki baze sou sèks (Mayor's Office to End Gender-based Violence):



Pwojè anti-vyolans:



Pwosedi pou kliyan transeksyèl (transgender), kliyan sèks non-binè ak kliyan entèsèks DHS yo:



X @NYCDHS

Instagram @NYCDHS

f @DHSOFNYC

YouTube @NYC Homeless Services

© Dwa dotè 2023. Depatman Sèvis Sosyal, Vil New York la.
Pou ou jwenn otorizasyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la.



Sa se yon kote ki an sekirite, pou moun deklare sèks yo (TGNC)

KONNEN DWA OU YO

Èske ou idantifye tèt ou kòm transeksyèl, moun ki pa konfòm ak okenn sèks, non-binè, oswa entèsèks?

Kèlkeswa kote w ye nan sistèm DHS la, ou gen dwa pou w pa sibi pèsèkasyon oswa diskriminasyon poutèt sèks ou oswa idantite seksyèl ou.

Ou gen dwa pou w itilize, epi pou yo rele w ak non, pwonon, ak tit ou pi pito a.

Ou gen dwa pou kenbe non legal ou, sèks ou te bay nan batistè a, estati TGNC a, ak andikap ou konfidansyèl.

KABANN POU MOUN KI DEKLARE SÈKS YO

DHS te rezève kabann espesyalman pou kliyan TGNC yo. Kabann sa yo anndan abri gason ak fanm nan Manhattan, Bronx, Brooklyn ak Queens. Yo anndan chanm kolektif ki piti yo ki gen ladan yo oswa ki toupre twalèt ak douch ki gen yon sèl kabin oswa twalèt prive.

Si w enterese, mande yon manb pèsònèl sal resepsyon an oswa manadjè dosye w la. Plasman pou kabann sa yo ki akote a pa obligatwa.

REMAK

Èske ou gen yon andikap?

Si w gen yon andikap, ou gen dwa pou yo pran andikap ou an konsiderasyon, pou w ka jwenn èd ou bezwen an.

Èske y ap transfere w?

Si w pa dakò ak yon desizyon transfè a, y ap toujou transfere w. Sepandan, ou ka mande anplwaye abri a “Dwa transfè ou yo” nan lang ou pi pito a epi/oswa mande yon odyans san patipri lè w rele **800-342-3344** oswa lè w soumèt yon fòm demann sou entènèt nan <http://www.otda.ny.gov/oah/forms.asp>.